



Ruheshi2023

*kirundi*

## Ni wemere ugabirwe!

**Nababwiye ivyo kugiraakanayamuneza  
kanje kabe muri mwebwe.** (Yohani 15,11)

**Kontakt:**

Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.:

+49-172-5638432  
[meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
[www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

Mail:  
Homepage

Bakunzi b'Ijambo,

Ni mwemere mugabirwe! Kenshi turashikirwa n'ibantu mu buzima biduha akanyamuneza kimitse utari witeze na mba. Uba waruri mu bintu bisanzwe vy'ubuzima, ukaza ubona giturumbuka ubuzima burakumwenyuriye, bukakujana mu bintu utari waciye n'ikanda. Ukaza wumva utabizi, umutima wawe wuzuye akanyamuneza. Mu bihe nk'ivyo, duhamagariwe kwakira ako kanyamuneza, tukareka kakuzura umutima wacu. Erega na none twaremewe guhirwa. Ni navyo vyaraza ishinga na Yezu. Yari yarigishije abagenzi biwe ingene urukundo rw'ukuri rumeze, urukundo ukunda abandi ruca mu muriro, ari ho yongerako ati: „nababwiye ivyo kugiraakanayamuneza kanje kabe muri mwebwe“ (Yohani 15,11)

Kuva kera bama badandariza ivyimburwa vy'abo mu gisagara cacu, kandi babigize igihe kirekire, gushika no mu zabukuru. Ubu noneho bagize yubile y'imyaka 65 bubatse. Umusi ukurikira uyo musi mukuru wabo, baraje mu misa imbere yo gufata igaliyamoshi ibatahana muhira. Hari ku musi mukuru wa Kristu Mwami. Nari nasiguye ku vyerekeye ubwami bw'urukundo bwa Yezu, We ari ku musalaba - yambaye urugori rwa'amahwa - yerekana vy'ukuri ingene urukundo „rutiziganya“ rumeze. Niho nongerako mu gusigura nkavuga nti: „Urwo rukundo bari barwerekanye imyaka 65 yose!“. Barabinezererewe koko. Uyo munyokuru yarambiye ashwawe n'urweze ati: „narateguye akaririmbo k'umugabo wanje, kandi narakamuririmbiye ejo mu misa!“ Niho naciye ndamubaza ubwo nyene, ko yoshobora kugasubiramwo. Emwe uyo mukamakare w'imyaka 91 yaciye ahagarara imbere y'umugabo wiwe aca aririmba ku mutwe ako karirimbo k'urukundo - ata na micro arinze gisaba-. Uyo mutama w'imyaka 93 nawe yari yicaye ku gatebe, yuzuye akanyamuneza, igihe umukenyezi wiwe ymuririmbira, aza aranamusoma ku ruhanga. – **Ni wemere ugabirwe!**

Ku bwa go 4 peace Team

Meinolf Wacker